Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАНЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

Газетамыздың бүгинги санының тийкарғы материаллары комсомол турмысына арналып, бунда ҳәр қыйлы көз-қараслар бар. Буларда қатардағы комсомолецлердиң, сайлап қойылатуғын орган ағзаларының, баслангыш комсомол шөлкеми секретарьларының, комсомол хызметкери ҳәм областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегатларының жаслар шөлкеминиң бүгинги ҳәм келешегине өз позициялары сәўлеленген. Сонлықтан да буларды «көз-қарас» рубрикасы менен жәриялап отырмыз. Әлбетте, бул пикирлер, усыныслар, ойлар ҳәр кимде ҳәр қыйлы тәсирлер қалдырыўы, тартыслар пайда етиўи сөзсиз. Егер солай болса газета оқыўшыларының пикирлерин күтемиз.

Өзимиз бир ағзасы болған комсомолдың тәғдири ҳешкимди де бийпәрўа қалдырмайды. Алдымызда ВЛКСМ ның XXI съезди тур. Жасларымыз съезди қалай күтип алады? деген сораўдың туўылыўы да тәбийий. Бунда биринширден комсомолец-жасларымыздың жәмийетлик—сиясий ҳәм мийнет активлилиги керек.

ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң IX Пленумы комсомолдың XXI съездине Программалық Билдириўин жәриялады. Бул ВЛКСМ ның программасына тийкар болады. Пленум сондай-ақ, ВЛКСМ Уставы жойбарын таярлаў мүнәсийбети менен дискуссияға қойылған материалларды да көпшиликтиң талқылаўына қойды. Булар баспа сөзде жәрияланған еди. Бирақ бизиң жасларымыздың бул материалларға көз қарасын еле дурыслап биле алмай атырмыз. Өйткени редакцияға олардан пикирлер, усыныслар келип түскен жоқ. Бул мәселеде жасларға активлик тилеймиз, себеби әҳмийетли ҳүжжетлер бизиң ертеңги жумысымыздың нызамларын белгилейди. Сонлықтан оған ҳәрбир ВЛКСМ ағзасының, ҳәрбир жастың үлес қосыўы тийис деп есаплаймыз.

Комсомолец ҳәм жаслар! ВЛКСМ Орайлық Комитети Комиссиясының жаңа Уставы таярланыўы мүнәсийбети менен дискуссияға қойылған материаллар менен таныстыңыз ба? Танысқан болсаңыз өз қосымшаларыңызды билдириўиңизди сораймыз.

1. Сениң көз қарасың бойынша комсомол қандай болыўы керек ҳәм жойбардағы вариантлардан қайсы бири оған сай келеди. ________________

____

2. Қайсы пикирге қосылмайсаң?

____

____

а) ВЛКСМ Орайлық Комитети бюросының позициясында ________________

____

б) ВЛКСМ ның жаңа Уставы жойбары бойынша дискуссияға қойылған материалларда ________________


____

3. Усыныс етилген жойбарды және не менен толтырыў мүмкин?

____

____

Хатларыңызды күтемиз.



Конференция минбери

СОҢҒЫ СЫНАҚ

Әлбетте, минберге шыққаннан кейин басқаларға бир нәрсе айтыўың керек. Мен ол жерде турып нелер ҳаққында айтыўым мүмкин? Егер бир бастан ойлап қарасақ айтатуғын гәп көптей. Исленип атырған жумысларда баршылық. Бирақ, оларды бирме-бир санап мақтаныш етиўге еле жетисе қойған жоқпыз...

Ҳәммемизге мәлим жақында ғана районлық комсомол конференциялары өз жумысларын тамамлады. Бир дыққат аўдаратуғын нәрсе, барлық районларда да, жаслар турмысында да орын алған проблемалар оғада уқсас. Әсиресе, пионер вожатыйлардың жумысларында орын алған кемшиликлердиң бир-биринен айырмашылығының азлығы ҳайран қалдырып, ойланыўға мәжбүр етеди. Ҳақыйқатында да бас пионер вожатый хызметине көпшилик өз жүрек қәлеўи менен барып атырған жоқ. Егер олар менен сөйлесип қарасаң: «директор ҳәзирше ислеп тур, кейин сабақ бермериз» дегенин айтып өзиниң ислеп атырған жумысынан қысынған түр билдиреди. Не ушын усылай? Себеби елеге шекем бул жумысқа екинши дәрежели, деп қарап келинбекте.

Мен Нөкистеги педагогикалық училищени питкерип келгенли берли мектепте бас пионер вожатый болып ислеп киятырман. Мине, оннан берли де бес жылдан аслам ўақыт өтипти. Айырымлар маған «вожатый болып жүре бересең бе?» деп кескин сораўлар қойып атыр. Не деп жуўап бериўим мүмкин? Оқыўға тапсырмастан бурын-ақ балалар менен ислескенди жақсы көретуғын едим. Жумысқа келгеннен кейин директорымыз мениң менен сөйлесип көрип усы жумысты усыныс етти. Ҳәзир оған миннетдаршылығым шексиз. Бул жерде айтайын дегеним айырым жас муғаллимлеримиз пионер вожатый хызметин илажсызлықтан атқарады. Бул хызмет оларға тек мектепке еплеп орналасыў ушын керек. Сол ушында пионер вожатый штатын алдағы ўақытлары районлық халық билимлендириў бөлимлеринен алып, районлық комсомол комитетиниң балансына берип, эксперимент өткерип көрсе шеп болмас еди.

Бас пионер вожатыйлардың материаллық тәмийинлениўин ойлап көриў керек. Ҳәзирги мийнет ҳақымыз ислеп атырған хызметимизге қарағанда оғада аз. Себеби пионер вожатый күн бойы мектепте болыўға туўра келеди. Баслаўыш класстың муғаллимлери болса өзиниң белгили саатын өтип қайтады. Оның материаллық жақтан үстемлилиги де бар.

Соңғы ўақытлары комсомолдың кризислик жағдайда екенлиги айтылыпта, жазылыпта атыр. Бул ҳақыйқатында да солай. Жасларымыздың ис-ҳәрекети ҳәм көз-қарасынан да усындай жағдайдың бар екенлигин анық сезиўге болады. Жасы жеткен балаларды комсомол қатарына өткериўге таярлап атырып «қызығыўшылығың барма?» деп сорап қалсаң илажсыздан «бар» деп ғана жуўап береди. Ал, аныгына келгенде оның интасының жоқ екенлиги көринип турады.

Булардың барлығы кейинги ўақытлары жаслар менен ислесиўдиң оғада төменлеп кеткенинен дәрек береди. Буннан қутылатуғын, олар менен ислесиўдиң утымлы, басқаша жолын излеп табыў керек. Усы алдымызда болайын деп атырған конференция бизлер ушын усы бағдардағы соңғы сынақ. Егер ол жерде де жағдайды жақсылаў ушын тийисли илаж көре алмасақ, онда биротала жасларымыздың өзимизге болған исенимин жоғалтып аламыз. Булардың барлығын есапқа алып, сынаққа пухта таярланыўымыз керек. Ол жерде айтатуғын сөзлеримизди, көтерип шығатуғын проблемаларымызды және бир мәртебе ой елегинен өткергенимиз мақул болар, деп ойлайман.

К. ҚАЗАҚБАЕВА.

Шоманай районындағы Менделеев атындағы орта мектептиң бас пионер вожатыйы, областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегаты.



— ВЛКСМ қатарында барсыз ба?

Тайыр Бектурсын. 22-24 жаслар шамасындағы жигит. Шымбай районының «Кеңес» совхозында рабочий болып ислейди.

— Соны өзим де анық билмеймен. Мектеп питкергеннен кейин меннен ҳеш ким взнос та сораған емес, комсомол жыйналысларына да шақырған емес.

— Совхоздың комсомол комитетиниң секретарын таныйсыз ба?

— Яқ, танымайман.

* * *

— Комсомол жумысын жанландырыў ушын неислеў керек?

Қутлымуратов Қуўатбай, ӨзЛКСМ Кегейли райкомының инструкторы;

— Буның ушын комсомол жетекшилери жақсы жумыс ислеўи тийис. Ҳақыйқатын айтқанда, бизлер кеўилдегидей ислей алмай атырмыз, жаслар арасында аз боламыз.

— Комсомолдың абыройын қалай көтериўге болады?

— Буның ушын комсомомол ең дәслеп жасы үлкенлердиң —елдиң көзине түсиўи керек. Мысал ушын, орынлардағы комсомол активлери той-мерекелерде, лазымларда хызметке араласып, жаслар жағына басшылық етип жәрдем уйымластырса итибарға алынар еди.

ТАНЫСЫҢЫЗ; КОНФЕРЕНЦИЯ ДЕЛЕГАТЫ

Кәмилжан КАЛАНДАРОВ: Елликқала районлық халық депутатлары совет атқарыў комитетиниң инструкторы, областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегаты.

Мен конференцияда мына тилек ҳәм конкрет пикирлеримди ортаға қояр едим. Мен Афғанстанда интернационаллық жаўынгерлик ўазыйпамды атқарып қайттым. Досларым ҳүрмет етип, жаўынгер-интернационалистлердиң районлық советиниң председатели етип сайлады. Жаўынгер интернационалист досларым маған көп ғана өтинишлер менен келди. Мен партия, совет, комсомол басқа да жәмийетлик шөлкемлер, мәкеме басшылары алдына олардың тилек, өтинишлерин жеткерип орынлаўға ҳәрекет етип атырман. Атап айтқанда 8 жаўынгер интернационалистке нәўбетсиз турақ жай берилди. Қалғанларының өтиниши 1990 жылы қанаатландырылады. Олардың 8 и қурылыс материалларын ҳәм «Жигули» жеңил автомашинасын алды. Бирақ еле де болса шешилмей атырған проблемалар көп. Афғанстанда қаза болған досларымыздың естелигин мәңгилик етиў мақсетинде районымыз орайынан естелик орнатыў мәселеси еле гәп болып қалмақта. Биз комсомолецлер-жаслар шембиликлер өткерип, ямаса бир күнлик ислеп тапқан мийнет ҳақымызды усы естелик орнатыўға берсек бул мәселе айқынласар еди.

Және де мен делегат сыпатында мынадай мәселелердиң шешимин сорайман. Комсомол билетлерин тапсырыў бойынша инструкцияда комсомол билетлери районлық комсомол комитетинде берилиўи керек делинген. Буған өзгерис киргизиўди усынаман. Өйткени, бизиң



районымыз территориясы шашаў, ВЛКСМ қатарына өткен жаслардың район орайына коллектив болып келиўи қыйын. Бириншиден транспорт мәселесинен қыйналса, екиншиден олардың ўақты кетеди. Сонлықтан да комсомол билетлери орынлардағы комсомол шөлкемлеринде райком комсомолдың ўәкилиниң қатнасыўы менен салтанатлы жағдайда тапсырылса екен. Буның қыйыншылығы жоқ.

Комсомол ҳәзир кризис жағдайында екенлиги мойынланды. Оннан шығыў ушын мен мына усынысларды айтаман. Биринширден, ВЛКСМ ағзаларын аттестациядан өткериў ҳәм ағзалық взносын төлемей жүргенлерди ВЛКСМ қатарынан шығарыў керек. Екиншиден, ҳәр бир ВЛКСМ ағзасына берилген жәмийетлик тапсырма қатты талап етилиўи керек. Үшиншиден, комсомолец жаслар тәрепинен көтерилген ҳәрбир баслама қоллап қуўатланып, ақырына жеткерилсе ҳәм барлық мәселелерди демократиялық түрде шешсе екен деймен.

Жазып алған: арнаўлы хабаршымыз А. АББАЗОВ.

— Мен өзимниң наразылығымды, айтылған сынның орынсыз екенлигин сонда конференция ўақтында-ақ сөзге шығып айтпақшы болып едим, негедур олай етпедим. Ҳақыйқатында өткен оқыў жылы бизиң шөлкемимизде ВЛКСМ қатарына қабылланғанлар аз болған жоқ. Бирақ мынадай бир жағдайдың болғаны рас. Яғный, ағзалыққа қабылланғаннан соң көп узамай 10-класс оқыўшылары мектепти питкерип есаптан шығып кетти. Оннан қалса, районлық комсомол комитетиниң бурынғы секретары мектеплер бөлиминиң баслығы Бағда Алламбергенова «анкета жоқ» деген менен ВЛКСМ қатарына қабыллаўға таярланған бир топар оқыўшыларым үш айға шамалас ўақытқа дейин өте алмай жүрди. Әттең, усыларды есапқа алмастан, районлық комсомол конференциясында мениң атым шықты...

АВТОРЛЫҚ ТҮСИНИК ҲӘМ МИНЕЗЛЕМЕ

Киров атындағы орта мектеп баслағыш комсомол шөлкеминде 247 ВЛКСМ ағзасы есапта турады. Орта бойлы, қара пәреңнен келген жас жигит Мейирбек Қурбаназаров еки жылдан бери комитеттиң басқа ислерден азат етилген секретары болып ислейди. Ис-ҳәрекети шаққан, ҳеш бүкпесиз ашылысып сөйлеўине қарағанда, ҳақ көкирек, қолынан ис келетуғын азаматқа усайды.

— Мениңше, деп гәпин даўам етти М. Қурбаназаров. — Комсомолдың абыройы ҳәм келешеги сынақ үстинде турған бир пайытта қуры саннан пайда жоқ. Бизиң шөлкемимизде болса, ВЛКСМ қатарына ең алдыңғы оқыўшылар, онда да өз тилеги менен арза бергенлер қабылланады. Сондай-ақ, қабылланғанға дейин олар үш комиссиядан өтеди.

«Айтылған сын ор...

Шымбай районлық XXXIII комсомол конференциясында жасалған есаплы баянламада район орайындағы Киров атындағы орта мектептиң комсомол комитетиниң секретары М. Қурбаназаровтың ВЛКСМ қатарына жаңадан ағзалар қабыллаўда қанаатландырарсызлық көрсетип атырғаны сынға алынған еди. Бирақ, биз жақында М. Қурбаназаров пенен

—ВЛКСМ қатарына өтиўден бас тартыўшы оқыўшылар бар ма?

— Табылады. Мысалға, 11 «б» класста сондай 4 оқыўшы бар. Олар комсомолға өтиўди қәлемей, арза бериўден бас тартып жүр. Биз мәжбүрлеп атырғанымыз жоқ.

— Шақырып келесиз бе, сөйлесип көрейик?

Секретарь шығып кеткеннен кейин оны сорап кабинетке бир оқыўшы кирип келди. Биз бул 10-класс оқыўшысы Жеткерген Әбрасулиевти сораўға туттық:

— ВЛКСМ қатарында барсаң ба?

— Жоқ?

— Не ушын? Яки өткиң келмей ме?

— Өтемиз ғой, Арза берип қойыппан.

— Класыңда неше комсомолец бар?

— 38 оқыўшыдан 24 ВЛКСМ ағзасы.

Усы пайытта секретарь муғаллим келиншекти ертип қайтып келди. Айтқан оқыўшылары болса жоқ еди.

— Олар келмейди. — М. Қурбаназаровтың қысылғаны сезилип турды. —Газета хабаршысын еситкенге ме, өз пикирлерин айтыўдан бас тартты. Бизлер де өтемиз дейди, бүгин. Лийкин, енди оларды өткермеймиз. Себеби, питкериўши класс оқыўшыларын тек биринши январьға дейин ғана өткериў жөнинде районлық комсомол комитетиниң көрсетпеси бар. Мине, бул 11 «б» ның класс басшысы — Қаным Өтекешова, сөйлесип көриң.

— Сол төрт оқыўшыңыз жөнинде не пикир айтасыз?

— Оларды үлгили оқыўшылар деп болмайды, әлбетте. Бирақ, жүдә төмен де емес, орташа оқыўшылар. Жәмийетлик жумысларға қатнасады, спортқа қызығады, негедур комсомолға өтиўге ықласлары жоқ...

КОМСОМОЛДЫҢ АБЫРОЙЫ ҲАҚҚЫНДА

Киров атындағы орта мектептиң класстан тыс ҳәм мектептен тыс ислери бойынша шөлкемлестириўшиси Таңатар Байғанов былай дейди; Мен 1553 оқыўшысы бар мектебимиздиң жаман атының шықпаўының өзи оқыўшыларымыз арасында комсомол комитетиниң унамлы тәсиринен дәрек береди деп ойлайман. Мектеп оқыўшылары арасында мәдений көпшилик ҳәм жәмийетлик жумысларды шөл-

---

1

Орынбай Турдақов
«МЕН СОЮЗ ТӘРЕПДАРЫМАН»



Орынбай Турдақов пенен комсомолдағы бүгинги аўҳал ҳаққында гүррińимиз тосыннан емес. Ол соңғы он жыл даўамында өз жумысын комсомол менен байланыстырып киятыр. ТашГУ дың әмелий математика факультетин питкерди. 1979—1984 жыллары Нөкис мәмлекетлик университетиниң комсомол комитетин басқарды. Соңынан ҚҚАССР ишки ислер министрлиги сиясий бөлими баслығының комсомол жумыслары бойынша жәрдемшиси болып иследи. Ҳәзир Нөкис қаласы ишки ислер бөлими начальнигиниң сиясий ислер бойынша орынбасары, милиция майоры, ӨзЛКСМ обкомының бюро ағзасы. Областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегаты.

— Орынбай, комсомолдағы ҳәзирги жағдай туўралы жеке көз-қарасыңыз, ҳәм буннан қалай шығыў мүмкин?

— Комсомол кризис сызығында. Бул мениң баҳам емес, ал ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң IX Пленумының баҳасы. Ҳақыйқатында солай. Комсомолдың абыройы төменлеп кетти, союзымыздан жаслар көплеп шығып атыр. Соңғы жыллары оның қатары 10 миллионға кемиди. Бул оғада тәшўишли аўҳал емес пе? Комсомолецлер өз аўқамына исенимин жойтып атыр. Сонлықтан да ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң VIII ҳәм IX

2

Пленумлары комсомолдағы ҳәзирги жағдай ҳаққындағы мәселени қарады ҳәм комсомолдың гезексиз XXI съездин шақырыўға қарар етти.

Егер өзимниң жеке көзқарасымды айтпақшы болсам, жаңалық ашқан болмайман. Бизде жумыстың кабинетлик усылы, телефон ҳәм қағаз бенен ислесиў тоқтаған жоқ. Комсомол жол басшылары, жетекшилери турмысқа тереӊ араласып, жаслар менен тиккелей тығыз байланыс орната алмай атыр. Жаслардың айырым қатламы, атап айтқанда аўыл жаслары улыўма дыққаттан шетте қалып атыр. Туўры, аўыл жасларын услап турыўға болады. Олар комсомол бираз нәрсе ислеседе, ислемесе де, оның қатарында қалады, өйткени сол туўылған жерге баўыр басып байланып қалған. Ал, қала жасларының шөлкемлескенлиги, активлиги басым. Сол ушында комсомолдан талап етиўи анағурлым зыят. Комсомолдан өзине зәрүрли нәрселерди ала алмағаннан соң, рәсмий емес бирлеспелерди шөлкемлестиреди. Комсомол әсиресе жаслардың бос ўақтын шөлкемлестириўде артта қалып атыр, бул өз жемисин берип, жаслар арасында жынаятшылық көбейди.

Комсомолдың идеологиясының жаслардың арасында пайда болып атырған ағымларға қарсы қоя алатуғын анық бир вариантлары, аргументлери жоқ. Бары да жасларды исендире алмайды, ал нәтийжеси болса мәлим. Мысалы комсомол видеосалонларды турмысымызға кеӊ енгизиўдиң баслаўшысы болды. Ҳәзир көплеп шөлкемлер, ведомстволар өз видеосалонларын ашып алды. Оларда жасларды жақсылыққа, мәртликке, патриотизмге тәрбиялайтуғын фильмлер жоқтың қасында. Ал, керисинше жаўызлықты пропагандалайтуғын қорқынышлы ҳәм тәрбияға унамсыз тәсир жасайтуғын эротикалық фильмлер репертуарлардан кеӊ орын алған. Оларға жас өспиримлер көплеп кирип атыр. Бул олардың тәрбиясына тәсир етпей қоймайды. Усы жерде комсомол өзин көрсетиўи тийис. Бирақ, өз тәсирин өткере алмай атыр!

Сондай-ақ мәскүнемшилик ке қарсы гүрес ашқан қарардан соң комсомол жаӊа ислерди әмелге асырған еди. Ҳәзир-бәри қалып кетти.

Және бир айта кететуғын нәрсе, жаслардың жол басшыларының көпшилиги миллий дәстүр, үрип-әдетлерди жақсы билмейди ҳәм буларды қоллап-қуўатлап атырған жоқ. Көпшилик секретарьлар жаслар арасына барғанда олар менен сөйлесиўди билмейди. Қатардағы комсомолецлер менен дискуссияға кирисип, олар менен принципиал мәселелер бойынша тартыса алмайды. Сонлықтан да олар жаслар арасына кирип барыўдан өзин алып қашады.

Гейде усындай комсомол жетекшилери ушын қысы-

3

нысқа ушырап қаласаң. Олар жасларды изине ерте алмайды. Биз ең дәслеп жетекшилерди дурыс таңлаўымыз ҳәм тәрбиялаўымыз тийис, ақыры союзымыз ушын комсомолецлер алдында уялып қалмайық!

Мениңше, областьлық комсомол комитети қасында жетекшилер ушын турақлы лекторий шөлкемлестириў керек. Бул ораторлықты, дискуссия алып барыўды, улыўма адамлар менен қалай сөйлесиўди үйретиўи тийис. Ҳәзир усыған көп нәрсе байланыслы. өйткени мәтибийлик, «ура-ура» заманы өтти. Лекторийди питкергенлерге мандат берилсе, олар лекторлар группасына қабыл етилсе болады.

Комсомол социологиялық үзликсиз изертлеўлерди алып барыўы пайдалы деп ойлайман. Бизде усы нәрсе аз, жаслардың мәпин, қызығыўшылығын үйрениў жоқ. Нәтийжеде шөлкемлер өз ағзаларына не зәрүрлигин билмейди. Илажлар өз турмысынан алынбаған соң, комсомолецлер оларға кемсалыйқа болады. Олардағы пассивликте усыннан болса керек. Мен университетте ислеген ўақытта ҳәр жылы анонимли социологиялық изертлеўлерди көп өткердим. Соннан келип шығып ўазыйпаларды белгилейтуғын едик.

Социологиялық изертлеўлерди жолға қойып, жаслардың мәпинен келип шығып, турмыслық мәселелерди белгилеў ҳәм иске асырыў керек. Жоқарының көрсетпеси менен ислеўди даўам етсек, кризистен шыға алмаймыз.

— Литва комсомолы ВЛКСМ қурамынан шықты. Эстония комсомолы мартқа дейин өтиў дәўирин белгиледи. Россия комсомолы өз Орайлық Комитетин дүзбекши. Комсомолдағы усындай жаңаланыўларға қалай қарайсыз?

— Қайта қурыў барысындағы ҳәр қандай фактти, ағымды бийкарлап болмайды. Бул активликтен дәрек берип, қатып қалған қәлипти сындырыўға умтылыў деген сөз. Деген менен мен мақсетлерди бирлестирген, беккем ҳәм күшли союз тәрепдарыман.

Россия комсомолы ҳаққында айтатуғын болсам, ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң IX Пленумында, бул бойынша еки түрли пикирлер болды. Орайластырыў бир жағынан дурыста шығар, бирақ оны жумысының жуўмағы көрсетеди.

— Елимиз бойынша жаслар комсомолдан көплеп шығып атыр. Ал, үлкемизде бул сезилерли дәрежеде азаймады. Буны қалай түсиндиресиз?

Мениңше, бул комсомолдың активлигин көрсетпейди, ал олардың бийпәрўалығын билдиреди. Бизиң көплеген жасларымызда усы бийпәрўалық басым. Оларға комсомолдың қатарында турдың не, турмадың не, бәри бир. Буған баслағыш шөлкемлер, олардың жетекшилери айыплы. Жаңа жумыс болмаған соң, жасларды қызықтыра алмаған соң олар комсомолға бийпәрўа қарайды.

Әлбетте, мен комсомолец-

«Айтылған сын орынсыз»

Шымбай районлық XXXIII комсомол конференциясында жасалған есаплы баянламада район орайындағы Киров атындағы орта мектептиң комсомол комитетиниң секретары М. Қурбаназаровтың ВЛКСМ қатарына жаңадан ағзалар қабыллаўда қанаатландырарсызлық көрсетип атырғаны сынға алынған еди. Бирақ, биз жақында М. Қурбаназаров пенен оның жумыс орнында хызмет бабында ушырасқанымызда ол, конференция минберинен айтылған сол гиннаның орынсыз екенлигин айтты.

—ВЛКСМ қатарына өтиў ден бас тартыўшы оқыўшылар бар ма?

— Табылады. Мысалға, 11 «б» класста сондай 4 оқыўшы бар. Олар комсомолға өтиўди қәлемей, арза бериўден бас тартып жүр. Биз мәжбүрлеп атырғанымыз жоқ.

— Шақырып келесиз бе, сөйлесип көрейик?

Секретарь шығып кеткеннен кейин оны сорап кабинетке бир оқыўшы кирип келди. Биз бул 10-класс оқыўшысы Жеткерген Әбрасулиевти сораўға туттық:

— ВЛКСМ қатарында барсаң ба?
— Жоқ?

— Не ушын? Яки өткиң келмей ме?

— Өтемиз ғой, Арза берип қойыппан.

— Класында неше комсомолец бар?

— 38 оқыўшыдан 24 ВЛКСМ ағзасы.

Усы пайытта секретарь муғаллим келиншекти ертип қайтып келди. Айтқан оқыўшылары болса жоқ еди.

— Олар келмейди. — М. Қурбаназаровтың қысылғаны сезилип турды. —Газета хабаршысын еситкенге өз пикирлерин айтыўдан бас тартты. Бизлер де өтемиз дейди, бүгин. Лийкин, енди оларды өткермеймиз. Себеби, питкериўши класс оқыўшыларын тек биринши январьға дейин ғана өткериў жөнинде районлық комсомол комитетиниң көрсетпеси бар. Мине, бул 11 «б» ның класс басшысы — Қаным Өтекешова, сөйлесип көриң.

— Сол төрт оқыўшыңыз жөнинде не пикир айтасыз?

— Оларды үлгили оқыўшылар деп болмайды, әлбетте. Бирақ, жүдә төмен де емес, орташа оқыўшылар. Жәмийетлик жумысларға қатнасады, спортқа қызығады, негедур комсомолға өтиўге ықласлары жоқ...

КОМСОМОЛДЫҢ АБЫРОЙЫ ҲАҚҚЫНДА

Киров атындағы орта мектептиң класстан тыс ҳәм мектептен тыс ислери бойынша шөлкемлестириўшиси Таңатар Байғанов былай дейди; Мен 1553 оқыўшысы бар мектебимиздиң жаман атының шықпаўының өзи оқыўшыларымыз арасында комсомол комитетиниң унамлы тәсиринен дәрек береди деп ойлайман. Мектеп оқыўшылары арасында мәдений көпшилик ҳәм жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў, ҳәр қыйлы унамлы басламаларды көтериў мектеп комсомол комитетиниң жуўапкершилигинде. Бир сөз бенен айтқанда бизиң мектебимизде комсомолдың абыройы жақсы.

— Комсомолдың абыройы тийкарынан комсомол жетекшилерине байланыслы. Олар жасларға өзлериниң ис-ҳәрекети, минез-қулқы, жигери ҳәм комсомолдың келешегине деген исеними менен үлги болыўлары тийис. Тилекке қарсы, бундай жетекшилер жүдә аз. Мен районлық комсомол конференциясынан соң, жақында улыўма комсомол жыйналысын өткердим. Сонда көпшилик комсомолецлер конференция жөнинде, «көтере көп сөз, исленип атырған итибарлы жумыс жоқ» деп кеўли толмайтуғынларын айтты. Ҳақыйқатында да, қарарларда көп нәрселер айтылады, ал изи жоқ,—М. Қурбаназаров гәпин жуўмақлап,жоқарыда айтқан мына пикирин және қайталады;

— Егер биз комсомолдың абыройын ҳәм ертеңин гөзлейтуғын болсақ, ВЛКСМ қатарына ағзалар қабыллағанда санды емес, сапаны ойлаўымыз шәрт!

Б. ДОСЖАНОВ.
Өз хабаршымыз.

ТАНЫСЫҢЫЗ; КОНФЕРЕНЦИЯ ДЕЛЕГАТЫ



Тоқтабай коллектив арасында өзиниң нәтийжели ислери менен көзге түспекте. Сондай-ақ ол жәмийетлик жумысларға да актив қатнасады. Колонна комсомолецлери үлкен исеним билдирип оны областьлық комсомол конференциясына делегат етип сайлады.

СҮЎРЕТТЕ: 315—көшпели механизацияласқан колоннаның алдыңғы бетон қуйыўшысы Тоқтабай Жуманиязов.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.



— Сизиңше комсомолдың абыройын көтериў ушын не ислеў керек?

Қурбашев Камал. ӨзЛКСМ Шымбай райкомының инструкторы;

— Мениңше оның ушын партия, совет активлери комсомолға шын мәнисинде дыққат бөлсе екен, мәкеме ҳәм хожалық басшылары бармақлар арасынан қарамаўлары керек. Биз базда бухгалтериялардан комсомол взносын есабымызға өткериў ушын да машақатқа қалып, жалынып жүремиз. Қанша айтқанда да, мәкеме басшысысыз яки совхоз директорысыз жумыс питпейди. Тилекке қарсы, комсомолға «әй...» деп қарайтуғын басшылар еле көпшилик.

* * *

— Алдыңғы жыллар менен салыстырғанда комсомол жумысларында өзгерис бар ма?

Бахиев Халмурза. Кегейли районының механизаторы. Цех комсомол шөлкеминиң секретары;

— Шынынан келсек, айтарлықтай өзгерис жоқ. ВЛКСМ ның XX съездинен соң азлап ҳәрекет болып еди соңғы ўақытлары және тосанлап қалды.

— Комсомолдың абыройын төменнен баслап көтериў мүмкинбе?

— Бул ҳаққында айтысып атыр. Бирақ, мениңше «жоқары» дан қоллаў болмаса, қыйын...

Диалогларды жүргизген
Д. БАТЫРОВ.

3

ныспаға ушырап қаласаң. Олар жасларды изине ерте алмайды. Биз ең дәслеп жетекшилерди дурыс таңлаўымыз ҳәм тәрбиялаўымыз тийис, ақыры союзымыз ушын комсомолецлер алдында уялып қалмайық!

Мениңше, областьлық комсомол комитети қасында жетекшилер ушын турақлы лекторий шөлкемлестириў керек. Бул ораторлықты, дискуссия алып барыўды, улыўма адамлар менен қалай сөйлесиўди үйретиўи тийис. Ҳәзир усыған көп нәрсе байланыслы, өйткени мәтибийлик, «ура-ура» заманы өтти. Лекторийди питкергенлерге мандат берилсе, олар лекторлар группасына қабыл етилсе болады.

Комсомол социологиялық изертлеўлерди үзликсиз алып барыўы пайдалы деп ойлайман. Бизде усы нәрсе аз, жаслардың мәпин, қызығыўшылығын үйрениў жоқ. Нәтийжеде шөлкемлер өз ағзаларына не зәрүрлигин билмейди. Илажлар өз турмысынан алынбаған соң, комсомолецлер оларға кемсалыйқа болады. Оларды пассивликте усынан болса керек. Мен университетте ислеген ўақытта ҳәр жылы анонимли социологиялық изертлеўлерди кең өткердим. Соннан келип шығып ўазыйпаларды белгилейтуғын един.

Социологиялық изертлеўлерди жолға қойып, жаслардың мәпинен келип шығып, турмыслық мәселелерди белгилеў ҳәм иске асырыў керек. Жоқарының көрсетпеси менен ислеўди даўам етсек, кризистен шыға алмаймыз.

— Литва комсомолы ВЛКСМ қурамынан шықты. Эстония комсомолы мартқа дейин өтиў дәўирин белгиледи. Россия комсомолы өз Орайлық Комитетин дүзбекши. Комсомолдағы усындай жаңаланыўларға қалай қарайсыз?

— Қайта қурыў барысындағы ҳәр қандай фактти, ағымды бийкарлап болмайды. Бул активликтен дәрек берип, қатып қалған қәлипти сындырыўға умтылыў деген сөз. Деген менен мен мақсетлерди бирлестирген, беккем ҳәм күшли союз тәрепдарыман.

Россия комсомолы ҳаққында айтатуғын болсам, ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң IX Пленумында, бул бойынша еки түрли пикирлер болды. Орайластырыў бир жағынан дурыста шығар, бирақ оны жумысының жуўмағы көрсетеди.

— Елимиз бойынша жаслар комсомолдан көплеп шығып атыр. Ал, үлкемизде бул сезилерли дәрежеде азаймады. Буны қалай түсиндиресиз?

Мениңше, бул комсомолдың активлигин көрсетпейди, ал олардың бийпарўалығын билдиреди. Бизиң көплеген жасларымызда усы бийпарўалық басым. Оларға комсомолдың қатарында турдың не, турмадың не, бәри бир. Буған баслаўғыш шөлкемлер, олардың жетекшилери айыплы. Жанлы жумыс болмаған соң, жасларды қызықтыра алмаған соң олар комсомолға бийпарўа қарайды.

Әлбетте, мен комсомолец-

4

лердиң қатарының қысқарыў тәрепдары емеспен.

— Соңғы жыллары комсомолға көпшилик «қолды бир силтеп» атыр. Оның абыройын қалай көтериўге болады? Бул бойынша сизиң ойларыңыз?

— Бул сораўға бир тәреплеме жуўап бериў қыйын. Комсомол өз абыройын тиклеп алыў ушын умтылып атыр, изленип атыр. Комсомол жол басшыларының Сургут ушырасыўы тарийхый ўақыя емес пе? Комсомол уставының үш варианты ислеп шығылды. В. Зюкин, М. Сотников ҳәм А. Беклер усынған бул вариантлардың өзиншелиги бар. Маған көбирек В. Зюкин топары ислеген вариант мақул болды. Мысалы көпшиликтиң ҳәм азшылықтың ҳуқықын ҳүрметлеў ҳаққында қатарлар бар. Бул оғада әҳмийетли. Өйткени, ҳәр бир пикир есапқа алыныўы, мейли ол қәте болса да сыртта қалмаўы, үйренилиўи тийис.

Усы үш вариант бойынша дискуссиялық материаллар таярланды. Комсомол өз программасын таярлап атыр.

Өз бетинше жумыс ислеў, сөз бенен истиң бирлигин тәмийинлеў, ҳәр қандай әҳмийетли мәселелер бойынша жаслардың пикирин билиў ушын референдумлар өткериў, идеологияның баслы бағдарларын ислеп шығыў— комсомолдың абыройын көтериўге жәрдем береди.

Және қайталаўға туўра келеди—комсомол хызметкерлери жаслар арасына терең енисип барыўы тийис, кабинетлик стилден ўаз кешиў керек. Ҳәтте, областьлық, қалалық, районлық комсомол комитетлериниң секретарьларының қыз-жигитлер алдында шығып сөйлеўиниң графигин дүзсе де артықша емес. Олар ҳаққында анкета жолы менен қыз-жигитлердиң пикирин үйрениўде зәрүр.

Сайлап қойылатуғын орган ағзаларына жаслардың мәпин қорғайтуғын, олар менен сөйлесе алатуғын адамларды сайлаў керек. Усы орган ағзаларының есабын тыңлаў системалы жолға қойылмайды. Булардың бәри де бурыннан бар нәрселер, бирақ толық исленбей атыр. Сайлап қойылатуғын органда көбинесе аппарат хызметкерлери басым болады. Мәселен, ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң 19 бюро ағзасынан 11 Орайлық Комитеттиң секретарьлары. Усы шәртпе екен? Ҳәр қандай мәселеде аппараттың пикири үстем болып кетеди. Ал, КПСС Орайлық Комитетиниң барлық секретарьлары Сиясий бюро ағзасы емес-ғой. Бизлер Сиясий бюродан үлги алыўымыз керек. Енди қабыл етилетуғын Уставта да усыны ашық-айдын көрсетиў зәрүр. Мениңше, бюро қурамына биринши секретарьлардың өзи жеткиликли, қалғанлары жаслардың ҳәр қыйлы топарларынан болғаны мақул. Бул да комсомолдың абыройын көтериўде үлкен рол ойнайды деп ойлайман.

— Жаслар арасында көбирек «Комсомол маған не берди?» деген наразы гүңкилдини еситемиз. Сиз усы гүйнели сораўға не деп жуўап берер едиңиз?

5

— Шынында да буны жийи-жийи еситемиз. Бул бир жақлама болған менен тийкарсыз да емес. Өйткени, комсомол «өз бетинше ислейтуғын шөлкем» деп аталғаны менен көп жыллар өз бетиншеликке ийе болмады. Әсиресе финанс жағынан. Және онда реал власть болмады. Биз комсомолецлердиң взносларын, сырттан тартылған қаржыларын алдық та, аппарат ушын сарыпладық, өзлерине ҳеш нәрсе қайтармадық. Бул тәсир етпей қалмайды.

Соңғы жыллары көп нәрсе өзгерди. Комсомол шын мәнисинде өз бетинше ислеп атыр. Демократияластырыўдың кең енийи менен ерк жаслардың өзлерине берилди. Комсомол взнослары ҳәм сырттан тартылған қаржылардың 70 процентине дейин баслаўғыш шөлкемлер пайдаланыўына болады. Кадрлар баяғыдай әкелип отырғызылып атырған жоқ.

Комсомолдың берери көп. Қолдан келетуғын конкрет ислерди турмысқа асырыўға болады. Бирақ, умтылыў сезилмей атыр. Жақсы басламалар тар шеңберде қалып кетеди, ислеген исимизди де басқаларға көрсете алмаў кесели еле бар. Өз-ара тәжирийбелер алмасыўлар жоқ. Жуўмағында жоқарыдағы сораў алдымызды кес-кеслейди.

— Комсомол хызметкерлериниң, әсиресе басқа истен азат етилген секретарьдың айлығының көбейиўи жумысқа унамлы тәсирин тийгизе алады деп ойлайсызба?

— Айлық көбейген соң ислейди яки ислемейди деп айтыў қыйын. Ең баслысы бул комсомол органларының абыройын көтериў болып табылады. Мен усыған қуўанышлыман.

— Областьлық комсомол комитетиниң бюро ағзасы сыпатында жумыстан кеўлиңиз толама?

— Әлбетте. Жуўапкерли ҳәм қызықлы. Жаслар турмысындағы әҳмийетли нәрселерден хабардар боласаң, бул өзимниң күнделикли жумысыма пайдасын тийгизып атыр. Көплеген мәселелерде пикирлер таласы болады. Мен ҳәр бир мәселеде ол туўрыма яки натуўрыма, өз пикиримди айтаман. Ҳәр бир адам өз пикирин бүкпестен айтса ғана ҳақыйқатлық жүзеге шығады, дурыс шешим қабылланады.

— Газетамыздың оқыўшыларының тийкарын комсомолецлер қурайды. Оларға тилегиңиз?

Комсомолда ҳеш ким мәңги қалмайды. Көпшилик онда 28 жасқа шекем болады. Бирақ комсомол тек усы жас өлшеми ғана емес, ал ол—бизиң тәғдиримиз. Сонлықтан да комсомолдағы тәғдирине ҳәр бир қыз-жигит бийпәрўа қарамасын, дурыс баҳа берсин, комсомолды тәғдирим деп түсинсин. Өйткени арқағы—Келешек...

Гүрриңлесиўди Кеңесбай РЕЙМОВ жүргизди.

1

24 саатлық лаўазым



Оны өткен жылдың 2-ноябри күни болып өткен Мойнақ районлық комсомол комитетиниң пленумында шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы етип сайлаған еди. Келеси күни, яғный 3-ноябрь күни районлық комсомол конференциясы болып өтти. Конференциядан соң жаңадан сайланған комитет ағзаларының биринши шөлкемлестириў пленумы болды. Сол жерде ол өзиниң буннан саррас 24 саат бурын ийелеген лаўазымынан «ўаз кешти»... Не ушын?

Оның районлық комсомол комитетиниң аппаратына жумысқа орналасқанына барыжоғы 3 айға шамалас ўақыт болды. Соған қарамай ол өзин басқаларға жумыста көрсете алды. Районлық комсомол комитети ағзаларының сол күнги пленумда оған бир аўыздан исеним билдириўин басқаша баҳалаў мүмкин емес....

Ол қәнигелиги бойынша байланыс инженери. Ташкенттеги электро техникалық байланыс институтын 1988-жылы табыслы тамамлап келип өз қәнигелиги бойынша жумысқа орналасты. Өзиң сүйген кәсипти меңгериў бул оғада қуўанышлы нәрсе. Оның да сол күнлердеги қуўанышында шек болған жоқ.

Бирақ, жумысқа кем-кем араласқан сайын ол бул жердеги айырым кәте-кемшиликлерди көрип, билип жүрди. Әсиресе бул нәрселердиң жаслар турмысына тән екенлиги оның ызасын келтиретуғын еди. Усындай «соқлығысыўлар» әсте оның кеўлинде писип жетилисип, ўақты-ўақты «жарылып» туратуғын еди.

Өзи бир ағзасы болған районлық байланыс бөлиминиң басланғыш комсомол шөлкеминиң жыйналысларында ҳәм усыған усаған басқа да жаслардың бас қосаларында ол өз досларын кемшиликлерге маўасасыз болыўға шақырды. Ал, райкомнан келген ўәкиллердиң «жағасынан алып» өзлерине конкрет жәрдем керек екенлигин айтты, талап етти.

— Биз байланыс бөлиминиң комсомолецлери менен болған ушырасыўларда өз адресимизге жиий-жийи критикалар айтылғанын еситип турдық. Бир жағынан бул бизди қатты ойландырса, екинши жағынан қуўандыратуғын еди. Өйткени, бул нәрсе жаслардың жумысты жақсылаўға жан күйдирип атырғанынан дәрек беретуғын еди. Олардың рәсмий емес лидери Бахытбай Мәмбетмуратов екенин оның шығып сөйлеўлеринен, ис ҳәрекетинен анық сезе басладық. Ол басқаларға қарағанда жыйналысларда активлик көрсетип, комсомолдың абройын көтериў ушын анаў ямаса мынаў жумысты ислеў керек екенин усыныс етеди. Соннан оны «көз астымызға» алып қойдық,—деп еслейди оның райкомға келгени ҳаққында Мойнақ районлық комсомол комитетиниң биринши секретары А. Әжимуратова.

Ол жумысты идеология бөлиминиң инструкторы ўазыйпасынан баслады. Сол ушын да оған дәслепки күнлери аңсат бола қойған жоқ. Өйткени бул тараўда қатып қалған бир бағдардағы көрсетпе жоқ. Оны жағдайға қарап, сол орындағы жаслардың талап талғамын есапқа алған ҳалда дүзиўиңе туўра келеди. Қулласы бир гәп пенен айтқанда оған айырым бағдардағы жумысларды жоқтан баслаўға туўра келди. Оның үстине жумысқа келер келместен комсомолдағы есап-бериў сайлаўлар араласты.

Бахытбай тийип қашып болса да өзине бекитилген тараў бойынша бир қанша жумыслар ислеп үлгерди. Район мәкеме ҳәм кәрхана арасында өткерилип атырған ҳәр қыйлы жарысларға қатнасты. Оларды шөлкемлестириўге өзиниң көмегин тийгизди. Ҳәм көптен гәп болып жүрген жаўынгер интернационалистлердиң әскерий патриотлық тәрбия клубының жумысларын қозғастырды. Оған тийисли қағазларды жыйнады, жаслардың өзлери менен сөйлести. Бирақ, бул ис тез арада питe қоймады.

Екинши ноябрь күнги ўақыя күтилмегенде жүз берди Ол бул ҳаққында илгери ойлапта көрмеген еди. Ҳәтте исениңкиремейди турды. Өйткени ертең конференция...

ТЕАТР ЖАҢАЛЫҚЛАРЫ



«ЕРТЕКЛЕР ӘЛЕМИНДЕ»

Мектеп оқыўшыларының қысқы каникулы да жуўмақлана келди. Олардың дем алыс күнлериндеги бос ўақытларын кеўилли өткериўде пайтахтымыздағы С. Хожаниязов атындағы жас тамашагөйлер театры коллективи жақсы жумыслар иследи. Театр коллективи 28 декабрьден 5 январьға шекем «Ертеклер әлеминдеги әжайып ўақыялар» атлы тамашалары менен бирге Ж. Махмудовтың «Мәстан кемпирдиң ҳийлеси» атлы ертек—спектаклин жас тамашагөйлердиң дыққатына усынып, кишкенелердиң кеўлинен шықты. Спектакльде Бесбай ролинде—Нөкисбай Нағметов Қуўанышбай Жаббаров, Төртбай ролинде—Нәзийра Пиримбетова, Екибай ролинде—Рза Айбатов, Мәстан кемпир ролинде—Ҳүрзия Ибрагимова, Салый ата ролинде—Азат Аңсатбаев, Жарылқаған Жумановлар өзлериниң атқарыўшылық шеберлигин көрсетти.

Г. НУРЛЕПЕСОВА

СҮЎРЕТТЕ: усы спектакльден бир көриниc.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.

Москвада халықлық медицина орайы ашылды. Бул орай хожалық есабында халыққа мәдений медициналық жақтан хызмет көрсетпекте. Орайға келиўшилердиң саны ҳәзирдиң өзинде бир неше он мыңға жетти.



СҮЎРЕТТЕ: химиялық машина қурылысының инженери, жас ана Г. В. Киреенко туўылыў процесси қыйыншылықсыз өткени ушын врач-гинеколог А. Ф. Черновтың емлеў методына миннетдар.

Р. НЕТЕЛЕВАның түсирген сүўрети (ТАСС)

Үлкен тәсирлер қалдырды

Өзбекстан ССР ы ҳәм жергиликли советлерге сайлаўлар алдынан ӨзЛКСМ Орайлық Комитети тәрепинен арнаўлы шөлкемлестирилген «Өзбекстан комсомолы» агитпоезды республикамыз жаслары арасында болды.

Тийкарғы ўазыйпа: комсомол шөлкемлеринен усынылған кандидатлардың сайлаў алды платформаларына, жас сайлаўшылар клубларына әмелий жәрдемлер көрсетиў, Өзбекстан ЛКСМ платформасын пропагандалаў ҳәм жаслар арасынан усынылған кандидатлар ҳаққында жергиликли жерлерде, мийнет орынларында агитациялық жумыслар жүргизиў.

Агитпоезд составында ӨзЛКСМ Орайлық Комитетиниң бөлим баслықлары, жуўаплы хызметкерлери, шайыр, юристлер ҳәм Ташкент областының «Наўрыз» халық ансамбли бар. Олар үш группаға бөлинип республикамыздың Шоманай, Хожели, Әмиўдәрья, Нөкис районлары жаслары арасында болды. Жаслар менен гүрринлесип, сайлаў алды тилек отинишлерин, усынылып атырған кандидатлар ҳаққында пикирлерин ортақласты.

Агитпоезд ағзаларының гезектеги бул ушырасыўлары жасларымызда үлкен тәсирлер қалдырды.

А. ТӨРЕМУРАТОВА

2

— Мен өзимниң еле бундай ўазыйпаны атқарыўға таяр емес екенимди айттым. Дурыс, ислей алмайман, деп атырған жоқпан. Ҳәзир қандай жумыс тапсырса да ислеў қолымнан келеди, Бирақ, инструктор болып тастыйықланғанымда өзиме исеним билдиргенлердиң алдында бирқанша ўәделер берген едим. Оны жарпылай таслап кетиўде қолайсыз болды,—дейди Б. Мәмбетмуратов 2-ноябрь күнги өзин «бир аўыздан» шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы етип тастыйықлаған пленумды еслеп...

— М. БОРАНБАЕВ.— Районлық комсомол комитетиниң II секретары (бурынғы шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы).

— Б. Мәмбетмуратов резервте турғанлардың бири еди. Расы оннан басқа қолайлы да адам болмады. Биреўдиң жасы өткен, екиншисиниң мағлыўматы туўры келмейди... Қулласы усы тәреплериниң барлығын есапқа алып, бул лаўазымға оның кандидатурасын көрсеткен един.

Оның келеси күни болған пленумда өзи сайланған лаўазымынан бас тартыўында түсиниў керек. Өйткени бөлимниң жумыслары оғада аўыр. Көбирек қағаз жумыслары менен ислесиўге туўра келеди. Ал, Бахытбай болса кабинетти онша жақтырмайды. Ол көбирек жаслардың арасында болғанды унатады. Бул жағынан ол соңғы ўақытлары «рәсмий емес» деп айтылып жүрген жаслардың жетекшисине көпрек усап кетеди.

Бахытбай пленумнан соң көп ойланды. Өзиниң ислеген жумысларын тәрезиге тартты. Ойлап қараса өзине бул исеним илажсызлықтан көрсетилип отырғандай туйылды. Ақыры, усындай аўыр участкаға оны жибере қойғандай усы өткен үш айдай ўақыттың ишинде не ислеп үлгерди? Қайтама әўелги берген ўәделери конференция алдындағы таярлық жумыслары менен аралас-қуралас болып кетти. «Демек қарыз» деп ойлады ол. Келеси күни конференцияда қатнасып отырып жаслардың сөзлериниң рәмәўзине қарап ҳәм өзинше ҳәр қыйлы қыялға кетти. Кейин усы шешимге келди...

З. ҚЫДЫРНИЯЗОВА— (Мойнақ районлық партия комитетиниң инструкторы).

— Конференциядан бир күн бурын бундай пленумды өткерип райкомдағылар надурыс еткен. Бул мәселени асықпай шешиўге болатуғын еди. Болмаса конференцияда да шешилетуғын мәселе ғой.

Мәмбетмуратовтың да ис ҳәрекети қолайсыз. Ол егер жумысты қыйынсынса дәслепки пленумда жуўапкершиликти мойнына алмаўы керек еди. Бөлимниң аўыр екенин ҳәмме де түсинеди. Деген менен солай екен деп ҳәр ким қәлегенин ислей берсе болама?

Б. ЯНГИБАЕВ—(ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомының бөлим баслығы).

— Шөлкемлестириў бөлими әдетте «комсомолдың жүреги» есапланады. Оның жаман ислеўи қандай нәрселерге алып келетуғынын ҳәр биримиз түсинемиз. Сол ушын да мен Мәмбетмуратовтың кеште болса өз мүмкиншиликлерин қарап шығып усындай шешимди қабыл еткенин мақуллайман. Бул айып емес, алжасыўда емес. Айырым хызметкерлеримиз ойлағандай бул оның абройында түсирмейди. Керисинше принципиаль хызметкер сыпатында басқалардың ҳүрметин оятыўы керек.

Бахыт пленумнан кейин базы биреўлердиң «сениңки орынсыз болды» сына қарамай өз исине қулшына кирисип кетти. Ақыры, гәп лаўазымның үлкен кишилигинде емес ғой. Ол буған жақсы түсинеди. Жоқарыдағыдай шешимди қабыл етиўиниң себеби де бәлким усында шығар?

Улыўма ол мине усындай жигит. Ал, оның жоқарыдағыдай шешимди қабыл еткенин ҳәр ким ҳәр қыйлы баҳалайды. Мениң ойымша ол оғада орынлы шешим қабыл еткен. Егер арамызда оған усаған жағдайға реаль баҳа бере алатуғын, принципли комсомол хызметкерлери көбейе берсе ислеримиз алға илгерилей берген болар еди.

Б. ТИЛЕЎМУРАТОВ.
Арнаўлы хабаршымыз.

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 503. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28385 РК 30007